**ӨЗБЕКИСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМ МИНИСТРЛИГИ**

**ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК УНИВЕРСИТЕТИ**

**И.МАТЖАНОВ, М.РАЖАБОВ**

# ДӘСЛЕПКИ ТЕРГЕЎДЕ ӘМЕЛГЕ АСЫРЫЛЫП АТЫРҒАН ҲУҚЫҚЫЙ РЕФОРМАЛАР

**Оқыў-методикалық қолланба**

**Нөкис-2015**

**Матжанов И., Ражабов М. Дәслепки тергеўде әмелге асырылып атырған ҳуқықый реформалар. Оқыў-методикалық қолланба. – Нөкис, ҚМУ, 2015.**

Жууаплы редактор: ю.и.к., доц. Қ.Р.Сейтназаров

Пикир билдириўшилер: ю.и.к., доц. Т.Файзуллаева
ю.и.к., доц. Ш.С.Шамшетов

Бул оқыў-методикалық қолланбада Өзбекистан Республикасының жынаят-процессуал тараўы тийкарында дәслепки тергеў бағдары бойынша әмелге асырылып атырған суд-ҳуқық реформалары үйренип шығылады. Оқыў-методикалық қолланба жынаят процессинде дәслепки тергеўдиң ҳуқықый тийкарларына арналып, дәслепки тергеўде суд ҳәм прокурор бақлаўының ҳуқықый тийкарлары, олардың өз-ара қатнасы ҳәм бул бақлаў түрлериниң унамлы тәреплери талқыланып өтилди.

Усы оқыў-методикалық қолланба илимий хызметкерлер, әмелиятшы юристлер, юридикалық жоқары оқыў орынлары студентлери ҳәм оқытыўшылары ушын арналған.

*Оқыў-методикалық қолланба 2015-жылы __-____күни Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети Илимий-методикалық кеңеси мәжилисинде талқыланды ҳәмде _-санлы баянламасы менен баспадан шығарыўға усынылды.*

**Мазмуны**

**Кирисиў**.......................................................... 4

**I-БАП. ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫНДА ӘМЕЛГЕ АСЫРЫЛЫП АТЫРҒАН СУД-ҲУҚЫҚ РЕФОРМАЛАРЫНЫҢ ӘҲМИЙЕТИ**........................................................ 6

1.1. Өзбекстан Республиксында суд-ҳуқық реформаларын әмелге асырыў басқышлары............................................ 6

1.2. Мәмлекетимизде суд-ҳуқық реформаларын жетилистириўдиң ҳуқықый тийкарлары................................ 9

1.3. Суд-ҳуқық реформаларын жәнe де тереңлестириўде әмелге асырылыўы тийис мәселелер........................................ 13

**II-БАП. ДӘСЛЕПКИ ТЕРГЕЎ ТАРАЎЫНДА ӘМЕЛГЕ АСЫРЫЛЫП АТЫРҒАН ҲУҚЫҚЫЙ РЕФОРМАЛАР**...................................................... 19

2.1. Дәслепки тергеўде суд ҳәм прокурор бақлаўының ҳуқықый әҳмийети..................................................... 19

2.2. Дәслепки тергеўде суд ҳәм прокурор бақлаўының тергеўшиниң процессуал ғәрезсизлигине тәсири............................................................... 25

**Пайдаланылған әдебиятлар**....................................... 30

# Кирисиў

Өзбекистан Республикасы өз ғәрезсизлигине ерискеннен соң ашық сиясатқа тийкарланған ҳуқықый-демократиялық мәмлекет ҳәм пуқаралық жәмийет қурыўды бас стратегик мақсет етип қойды. Елимизде пуқаралық жәмийетти қурыў, демократияға ерисиў ҳәм базар экономикасына өтиў сыяқлы улыўма инсаний мазмунға ийе болған ийгиликли жумыслар басланды. Мәмлекетте пуқаралық жәмийет ҳәм демократияға ерисиў ушын, ең әўеле, ҳалықты пуқаралық жәмийетке тәрбиялаў, сөз еркинлигин бериў арқалы мәмлекетимизде демократияны жаратыўға ерисиў болып табылады. Бул ийгиликли ислердиң бәршесине имканият жаратқан уллы жол – Ғәрезсизлик жолы есапланады. Өзбекистан Республикаси Президенти И.А.Каримовтың «Өзбекистан ғәрезсизликке ерисиў қарсаңында» атлы мийнетинен ғәрезсизлик жолының қаншелли уллы екенлигин, ҳәр бир инсан ушын ғәрезсизликтиң қаншелли зәрүр екенлигин ҳәм ғәрезсизликке ерисиў жолында қаншадан-қанша машақатлы мийнетлердиң исленгенлигин билиўимизге болады.[1] Әлбетте, Ғәрезсизлик – бул халықтың абадан жасаўына имканият бериўши бийбаҳа ғәзийне есапланады. Сондай-ақ, айрықша атап өтиўимиз лазым, ғәрезсизлик шарапаты себепли мәмлекетимизде экономикалық өсиў дәрежеси жоқарылап бармақта ҳәм бул жағдай халықаралық кең жәмийетшилик тәрепинен тән алынбақта.[2] Сонлықтан-да ғәрезсиз мәмлекетимизде инсан, оның ҳуқық ҳәм еркинликлерин, нызамлы мәплерин ҳәм турмысының абатлығын тәмийинлеў мәмлекетимизде баслы бағдар есапланады[3].

Бир сөз бенен айтқанда, журтымызда ҳуқықый мәмлекет тийкарларын және де жетилистириў ҳәм халықтың ҳуқықый санасы ҳәм мәдениятын раўажландырыў биз ушын шешиўши ўазыйпа болып қалмақта. Соның ушын да, биз ғәрезсизликтиң дәслепки жылларынан баслап реформалардың бул жөнелисине айрықша итибар қаратқанымыз тосыннан емес. Әне усындай жантасыў

---

[1] Каримов И.А. Ўзбекистон мустақилликка эришиш остонасида. – Т.: Ўзбекистон, 2011. – Б. 3-32.

[2] Каримов И.А. 2012 йил Ватанимиз тараққиётини янги босқичга кўтарадиган йил бўлади. – Т.: Ўзбекистон, 2012. – Б. 5.

[3] Каримов И.А. Инсон манфаати, хуқуқ ва эркинликларини таъминлаш, ҳаётимизнинг янада эркин ва обод бўлишига эришиш – бизнинг бош мақсадимиздир // Президент И.Каримовнинг Ўзбекистон Республикаси Конституциясининг 20 йиллигига бағишланган тантанали маросимдаги маърузаси. / Халқ сўзи, 2012 йил, 8 декабр.

себепли бул бағдардағы жумыслардың көлеми, абырайы ҳәм нәтийжелилиги соңғы он жылда барынша кеңейип, жаңа басқышқа көтерилгенин көплеген мысалларда көриў мүмкин. Дәслеп, суд ҳәкимиятын басқышпа-басқыш беккемлеп барыў, судтың еркинлигин тәмийинлеў, оны бурынғы системада болғаны сыяқлы репрессия қуралы ҳәм жазалаў уйымы сыпатындағы орган емес, бәлким, инсан ҳәм пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинликлерин исенимли қорғаўға хызмет ететуғын шын мәнисиндеги ғәрезсиз мәмлекет институтына айландырыўға қаратылған кең көлемли шөлкемлестириў-ҳуқықый ис-илажлар әмелге асырылды[4]. Ҳақыйқатында да, нызам үстинлиги ҳәм нызамшылықты беккемлеў, инсан ҳуқықы ҳәм мәплерин исенимли қорғаўда ҳуқық қорғаў уйымлары айырықша орын тутады ҳәм ҳәзирги дәўирде мәмлекетимизде ҳуқық қорғаў уйымлары системасын жетилистириўде бирқатар нәтийжели ислер әмелге асырылмақта.

Соны да айрықша атап өтиўимиз тийис, экономика тараўында әмелге асырылып атырған реформалар ҳәм қурамлы өзгерислер нәтийжесинде мәмлекетимизде жәҳән базарындағы бәсекиге шыдамлы өнимлер ислеп шығарыла баслады. Бул болса экономикалық жақтан жетилисип, халықтың жасаў дәрежесиниң сыпатын жоқарылап бармақта[5]. Әлбетте, халықтың турмыслық аўҳалының жақсыланып барыўы мәмлекетимизде әмелге асырылып атырған социаллық сиясаттың нәтийжеси болып саналады. Өз гезегинде, бул тараўда мәмлекетимизде жүдә көплеген жумыслар жүргизилип атыр. Мәмлекетимизде демократиялық жаңалаўдың бүгинги басқышындағы ең әҳмийетли бағдарларынан бири, бул – нызам үстинлиги ҳәм нызамшылықты беккемлеў, инсан ҳуқықы ҳәм мәплерин исенимли қорғаўға қаратылған суд-ҳуқық системасын избе-из демократияластырыў ҳәм либераллластырыўдан ибарат. Бул болса, өз гезегинде, бул тараўдағы ҳәрқандай илимий жумыстың әҳмийетлилигин асырады.

[4] Каримов И.А. Мәмлекетимизде демократиялық реформаларды және де тереңлестириў ҳәм пуқаралық жәмийетти раўажландырыў концепциясы. // Өзбекстан Республикасы Президенти Ислам Каримовтың Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы ҳәм Сенатының қоспа мәжилисиндеги баянаты / «Еркин Қарақалпақстан». 16-ноябрь, 2010-жыл. №137

[5] Каримов И.А. Әмелге асырып атырған реформаларымызды және де тереңлестириў ҳәм пуқаралық жәмийетин қурыў-жарқын келешегимиздиң тийкарғы факторы // Президент Ислам Каримовтың Өзбекистан Республикасы Конституциясы қабыл етилгениниң 21 жыллығына бағышланған салтанатлы мәресимдеги баянаты / 2013-жыл 6 декабрь. – Т.: Ўзбекистон, 2013.

# I-БАП. ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫНДА ӘМЕЛГЕ АСЫРЫЛЫП АТЫРҒАН СУД-ҲУҚЫҚ РЕФОРМАЛАРЫНЫҢ ӘҲМИЙЕТИ

## 1.1. Өзбекстан Республиксында суд-ҳуқық реформаларын әмелге асырыў басқышлары

Мәмлекетимиз өз ғәрезсизлигине ерискеннен соң ҳақлы рәуиште дунья жүзине «Өзбек модули» деп аты таралған раўажланыўдың басқышпа-басқыш, ҳәр қыйлы экономикалық секириўлерден жат болған эволюцион раўажланыў жолын таңлады. Бул экономикалық ҳәм ҳуқықый раўажланыў жолының туўры екенлигин Өзбекстан Республикасының ҳәзирги ўақыттағы қолға киргизген жеңислери сөзсиз дәлиллеп бармақта. Соны да айрықша атап өтиўимиз тийис, Өзбекстан Республикасы Президенти Ислам Каримовтың Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы ҳәм Сенатының қоспа мәжилисиндеги «Мәмлекетимизде демократиялық реформаларды және де тереңлестириў ҳәм пуқаралық жәмийетти раўажландырыў концепциясы»[6] атамасындағы баянаты ҳәм оннан келип шығатуғын ўазыйпалар басқышпа-басқыш раўажланыўдың даўамы болып, мәмлекетимиздиң ҳуқықый тараўының жетилисиўинде үлкен бир қәдем болды. Журтбасымыздың бул баянаты елимизде келешекте мәмлекет ҳәкимияты ҳәм басқарыўын және де демократияластырыў, суд-ҳуқық системасын реформалаў, мәлимлеме тараўын реформалаў, мәлимлеме алыў ҳәм сөз еркинлигин тәмийинлеў, Өзбекстанда сайлаў ҳуқықы еркинлигин тәмийинлеў ҳәм сайлаў нызамшылығын раўажландырыў, пуқаралық жәмийети институтларын қәлиплестириў ҳәм раўажландырыў, демократиялық базар реформаларын ҳәм экономиканы либералластырыўды және де тереңлестириўге бағдарланған.

Мәмлекетимиз басшысы өз баянатында ҳәзирги заман ҳуқық тизиминдеги бирқатар айрықша мәселелер бойынша өзиниң мазмунлы пикирлерин билдирип өтти. Журтбасымыз елимизде әмелге асырылып атырған суд-ҳуқық реформалары бир жерде турып

[6] Каримов И.А. Мамлакатимизда демократик ислоҳотларни янада чуқурлаштириш ва фуқаролик жамиятини ривожлантириш концепцияси / Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2010 йил 12-ноябрдаги Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Қонунчилик палатаси ва Сенати қўшма мажлисидаги нутқи // Халқ сўзи, 2010 йил 13 ноябрь, № 220 (5135).

қалмаўы тийис ҳәм қолға киргизилген жеңислер менен кепилленип қалмастан, суд-ҳуқық реформаларын және де тереңлестириў лазым екенлигине итибар қаратты.

Елимиз ғәрезсизликке ерискеннен соң суд-ҳуқық саласында әмелге асырылып атырған бәрше реформаларды өзиниң мазмуны ҳәм суд системасына тәсир дәрежеси бойынша шәртли түрде 3 тийкарғы басқышқа ажыратып қараў мүмкин.

Биринши басқышта (1991-1999 ж.ж.) суд-ҳуқық системасын реформа қылыўдың миллий стратегиясы белгилеп алынды ҳәм оның конституциялық-ҳуқықый тийкарлары жаратылды. Сондай-ақ, мәмлекет Тийкарғы Нызамы ҳәм бирқатар Кодекслер қабыл етилип, олар миллий ҳуқық системамыздың тийкарларын қәлиплестирип берди. Усы жыллары әмелге асырылған реформалардың мақсети бар болған тәжрийбе ҳәм ҳәрекеттеги нызамшылықты анализ қылыў тийкарында жаңа дәуирдиң талапларына сай, базар экономикасына тийкарланған ҳуқықый механизмлерди жаратыў, әдил судлаў системасын демократияластырыў, суд суд процессинде айыплаў ҳәм қорғаўдың әмелде теңлигин тәмийинлеўге ерисиўден ибарат болды.

Екинши басқышта (2000-2004 ж.ж.) мәмлекетимизде суд-ҳуқық системасын терең реформа қылыў ҳәм еркинлестириў бойынша жаңа концепция турмысқа енгизилди. Судларды қәнийгелестириў, жынайый жазаларды либералластырыў, әдил судлаў сыпатын асырыў, ислерди көриў мүддетин қысқартыў, пуқаралық ҳәм жынайый ислерди көрип шығыўдың апелляция тәртибин енгизиў, кассация тәртибин реформалаў, суд қарарларының орынланыўын тәмийинлеўди жетилистириўдиң ҳуқықый механизмлери жаратылды. Өзбекстан Республикасы Президентиниң «Өзбекстан Республикасы суд системасын жетилистириў ҳаққында»ғы ҳәм «Судьяларды таңлаў ҳәм лаўазымларына усыныў бойынша Жоқары квалификациялық комиссиясын дүзиў ҳаққында»ғы пәрманы, Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң «Өзбекстан Республикасы улыўма юрисдикция судларының материаллық-техникалық тәмийнатын жақсылаў илажлары ҳаққында»ғы карары қабыл етилди. Бул нызам ҳүжжетлериниң қабыл етилиўи ҳәм турмысымызға енгизилиўи нәтийжесинде, ғәрезсизлик жылларында суд-ҳуқық системасын реформалаў барасында арттырылған

тәжрийбеден жуўмақ шығарылған ҳалда судлар искерлигиниң және де демократияласыўы ҳәм жетилисиўи ушын шараят жаратылды, улыўма юрисдикция судларының қәнийгелесиўи нызам менен беккемленди, пуқаралық ҳәм жынаят ислери бойынша өз алдына судларды шөлкемлестириў механизми енгизилди. Судлар искерлигин материаллық-техникалық ҳәм финанслық жақтан тәмийинлеў ўазыйпасы арнаўлы бийғәрез орган – Әдиллик министрлиги қасындағы Суд департаменти мойнына жүклетилди. Бул департамент судлардың бийғәрезлиги ҳәм тек нызамға бойсыныўы принциплерине қатаң әмел қылған ҳалда ис жүритиўи белгилеп қойылды.

Үшинши басқышта (2005 жылдан ҳәзирге шекем) суд-ҳуқық системасын реформалаў ҳәм және де еркинлестириўге қаратылған реформалардың приоритет бағдарларын әмелге асырыў Концепциясы тастыйықланып, бул концепцияны орынлаў барысында дәслеп 1-август 2005-жылы «Өзбекстан Республикасында өлим жазасын бийкар етиў ҳаққында»ғы, 08-август 2005-жылы «Қамаққа алықға санкция бериў ҳуқықын судларға өткериў ҳаққында»ғы Өзбекстан Республикасы Президентиниң пәрманлары қабыл етилди. 2007-жылы 11 июльда бул тараўдағы басқышпа-басқыш әмелге асырылып атырған реформалардың даўамы ретинде «Өлим жазасы бийкар етилиўи мүнәсебети менен Өзбекстан Республикасының айырым нызам ҳүжжетлерине өзгерис ҳәм қосымшалар киргизиў ҳаққында»ғы ҳәм «Қамаққа алыўға санкция бериў ҳуқықы судларға өткерилиўи мүнәсебети менен Өзбекстан Республикасының айырым нызам ҳүжжетлерине өзгерис ҳәм қосымшалар киргизиў ҳаққында»ғы нызамлар қабыл етилип, олар 2008-жыл 1-январьдан баслап күшке кирди. Нәтийжеде суд-ҳуқық системасын және де либералластырыў арқалы судлардың ҳақыйқый бийғәрезлиги ҳәм еркинлигин, инсанның жасаў ҳуқықы ҳәм басқа конституциялық ҳуқықлары ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў, суд ҳәм ҳуқық қорғаў уйымлары хызметкерлериниң жуўапкершилигин күшейтиўге қарай жедел қәдем тасланды[7].

---

[7] Тарихов К. Өзбекстан Республикасында суд-ҳуқық системасында әмелге асырылып атырған реформалар ҳәм олардың әҳмийети // «Пуқаралық жәмийет қурыўда демократиялық реформаларды тереңлестириў ҳәм раўажландырыўдың әҳмийети» атамасындағы Республикалық илимий-әмелий конференциясы материаллары топламы. – Нөкис: ҚМУ, 2011. – Б. 41-43.

Бугинги кунде Конституцияның 44-статьясына муўапық хәр бир шахсқа өз ҳуқық ҳәм еркинликлерин суд арқалы қорғаў, мәмлекет органлары, лаўазымлы шахслар, жәмәәт бирлеспелериниң нызамсыз ис-ҳәрекетлери устинен судқа шағым етиў ҳуқықы кепилленеди.

## 1.2. Мәмлекетимизде суд-ҳуқық реформаларын жетилистириўдиң ҳуқықый тийкарлары

Суд-ҳуқық реформаларын әмелге асырыў Өзбекстан Республикасының ҳуқық тараўындағы әмелге асырылып атырған стратегик сиясатының бас бағдары болып саналады. Сонлықтан, Өзбекстан Республикасы Президенти И.А.Каримов «Мәмлекетимизде демократиялық жаңалаўдың бүгинги басқышындағы ең әҳмийетли бағдарларынан бири, бул – нызам үстинлиги ҳәм нызамшылықты беккемлеў, инсан ҳуқықы ҳәм мәплерин исенимли қорғаўға қаратылған суд-ҳуқық системасын избе-из демократияластырыў ҳәм либералластырыўдан ибарат. Бир сөз бенен айтқанда, журтымызда ҳуқықый мәмлекет тийкарларын және де жетилистириў ҳәм халықтың ҳуқықый санасы ҳәм мәдениятын раўажландырыў биз ушын шешиўши ўазыйпа болып қалмақта. Соның ушын да, биз ғәрезсизликтиң дәслепки жылларынан баслап реформалардың бул жөнелисине айрықша итибар қаратқанымыз тосыннан емес. Әне усындай жантасыў себепли бул бағдардағы жумыслардың көлеми, абырайы ҳәм нәтийжелилиги соңғы он жылда барынша кеңейип, жаңа басқышқа көтерилгенин көплеген мысалларда көриў мүмкин. Дәслеп, суд ҳәкимиятын басқышпа-басқыш беккемлеп барыў, судтың еркинлигин тәмийинлеў, оны бурынғы системада болғаны сыяқлы репрессия қуралы ҳәм жазалаў уйымы сыпатындағы орган емес, бәлким, инсан ҳәм пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинликлерин исенимли қорғаўға хызмет ететуғын шын мәнисиндеги ғәрезсиз мәмлекет институтына айландырыўға қаратылған кең көлемли шөлкемлестириў-ҳуқықый ис-илажлар әмелге асырылды» деп келтирип өткен еди[8]. Әлбетте, мәмлекетимизде әмелге асырылып

[8] Каримов И.А. Мамлакатимизда демократик ислоҳотларни янада чуқурлаштириш ва фуқаролик жамиятини ривожлантириш концепцияси / Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2010 йил 12-ноябрдаги

атырған суд-ҳуқық реформалары мәмлекет ҳәм жәмийет турмысы ушын әҳмийетли бағдар болып табылады. Мәмлекетимизде суд-ҳуқық реформаларын жетилистириўдиң ҳуқықый тийкарларыда ҳәзирде жеткиликли дәрежеде жетилистирген болып, олар шахс, жәмийет ҳәм мәмлекет мәплери ушын толық хызмет қылмақта.

Журтбасымыз әдил рәўиште белгилегениндей, дәслеп, суд ҳәкимиятын басқышпа-басқыш беккемлеп барыў, судтың еркинлигин тәмийнлеў, оны бурынғы системада болғаны сыяқлы репрессия қуралы ҳәм жазалаў уйымы сыпатындағы орган емес, бәлким, инсан ҳәм пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинликлерин исенимли қорғаўға хызмет ететуғын шын мәнисиндеги ғәрезсиз мәмлекет институтына айландырыўға қаратылған кең көлемли шөлкемлестириў-ҳуқықый ис-илажлар әмелге асырылды. Бундай ис-илажлар, өз гезегинде, жынаят-процессуал ҳуқық тараўында судлардың ўәкиллигин асырыўдыда нәзерде тутты. Жынаят-процессуал ҳуқық тараўында судлардың ўәкиллигин асырыў дәслепки тергеўде суд бақлаўын жетилистириў арқалы мүмкин екенлигин айрықша атап өтиўимиз тийис.

Суд бақлаўы ғәрезсиз тәртипте әмелге асырылады. Ғәрезсизлик принципи, әсиресе, пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинлерин шеклеўши тергеў ҳәрекетлериниң нызамлылығы ҳәм тийкарлылығы үстинен суд бақлаўын әмелге асырыў ўақтында айрықша сақланыўы лазым. Өзбекистан Республикасының «Судлар ҳаққында»ғы Нызамының 69-статьясы биринши ҳәм екинши бөлимлерине муўапық, «Судьялар әдил судлаўды әмелге асырыў барысында олардың ис-хызметине араласыўына жол қойылмайды. Белгили бир исти ҳәртәреплеме, толық ҳәм қалыс көриўине тосқынлық қылыў ямаса нызамға қарсы келетуғын суд қарарының шығарылыўына ерисиў мақсетинде судьяларға қандай болмасынбелгили бир тәризде тәсир етиў нызамға муўапық жынайый жуўапкершиликке себеп болады» деп беккемленген[9].

Дәслепки тергеў имканы барынша тез ҳәм толық өткизилиўи лазым. Оны әмелге асырыўды бийпәрўалық, жуўапкерсизлик ҳәм өз мәжбүриятларына немқурайдылық пенен қаралмаслығы лазым.

---

Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Қонунчилик палатаси ва Сенати қўшма мажлисидаги нутқи // Халқ сўзи, 2010 йил 13 ноябрь, № 220 (5135).

[9] Ўзбекистон Республикаси «Судлар тўғрисмида»ги Қонуни // Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Ахборотномаси. 2001. - №1-2. – Б. 35.

Б.Х.Пўлатовтың белгилеп өткениндей «Жынаятшылыққа қарсы гүресте дәслепки тергеўдиң әҳмийети оғада үлкен»[10]. Бирақ, жынаятты ашыў ҳәм оны әмелге асырған шахсты анықлаў барысында ушырайтуғын айырым қәте-кемшиликлер жынаят иси бойынша барлық тергеў ҳәрекетлерин ақырына шекем жеткизип, нызамлы қарар қабыл етиўге имканият бермеўи мүмкин[11]. Дәслепки тергеўде қәте-кемшиликлердиң алдын алыў ҳәм сапластырыў формаларының бири, бул суд бақлаўы болып саналады.

Суд бақлаўы ҳәм суд servicesлери қалыс, ҳешкимниң араласыўысыз әмелге асырылыўы лазым. Судда көрилип атырған ямаса көрилген servicesлерди ўәкилликли болмаған шахслар тәрепинен шахслар тәрепинен бақлаўға алыныўы суд ҳәкимиятынын принциплерине туўры келмейди[12]. Судьялардың ғәрезсизлиги, негизинен алғанда, еки тийкарғы элемент жыйындысынан қуралады. Бул суд ҳәкимияты ҳәм судьялар өзлериниң шөлкемлестириўшилик ғәрезсизлигине ҳәм функционал ғәрезсизлигине ийе дегенди билдиреди[13]. Демек, суд бақлаўы – бул суд ўәкиллигин әмелге асырыўдың тийкарғы механизми болып табылады.

Д.Ю.Хабибуллаевтың пикиринше, «Суд ҳәкимияты ғәрезсизлиги дегенде, хәкимиятлар бөлиниўи принциплерине муўапық суд ҳәкимиятының нызам шығарыўшы ҳәм атқарыўшы ҳәкимиятлардан ғәрезсиз ис жүритиўи, суд ҳәкимияты тек ғана өз ўәкиллиги шегарасына киретуғын ўазыйпалар түсиниледи»[14]. Әлбетте, алымның бул пикири итибарға ылайық.

Суд ҳәкимияты өз ўәкилликлерин исти додалаў жолы арқалы әмелге асырады. Нызамда белгиленген тәртип тийкарында әмелге асырылатуғын бул ис жүритиў түри жынаят судлаў servicesлерин жүритиўдеги ўазыйпаларда орынлаўда жәрдем береди. Булардан болса, өз гезегинде, шахс, жәмийет ҳәм мәмлекет бирдей мәпдар есапланады. Дәслепки тергеў дәўиринде болса, суд мәжилисин

[10] Пўлатов Б.Х. Прокурор назорати. – Т.: O'zbekiston, 2009. – Б. 178.
[11] Ўзбекистон Республикасининг Жиноят-процессуал кодексига шарҳлар. Масъул муҳаррир: проф. Ғ.А.Абдумажидов. – Т.: ТДЮИ, 2009. – Б. 574.
[12] Ўзбекистон Республикаси Олий суди Ахборотномаси // Қонун номи билан. 1998. - №2. – Б. 6.
[13] Ўзбекистонда суд ҳокимияти: ислоҳотлар даври // Муаллифлар: А.А.Полвон-зада., Ғ.А.Абдумажидов ва б. – Т.: Адолат, 2002.- Б. 35.
[14] Хабибуллаев Д.Ю. Фуқаролик процессуал ҳуқуқининг тамойиллари ва уларни суд амалиётида тадбиқ этиш муаммолари. Монография // ю.ф.д., проф. Ш.Ш.Шораҳмедовнинг умумий таҳрири остида. – Т.: ТДЮИ. 2008. – Б. 32-33.

өткериў тәртиби жынаят-процессуал нызамшылық бойынша анық белгиленген. Булар қамаққа алыўға санкция бериў, лаўазымынан шетлеттириў, шахсты медициналық мекемеге жайластырыў ҳ.т.б.лардан ибарат. Демек, суд бақлаўы жынаят процессинде шахс мәплерин қорғаўдың тийкарғы кепиллеринен бири.

Соның менен бирге, судларға шахстың конституциялық ҳуқық ҳәм еркинликлерин шеклеўши тергеў ҳәрекетлерин өткериўге рухсат бериў функцияларын жүклеў барысында судлар, бул ислерди көрип шығыўда, аймақлық жақтан тийислилик мәселесин шешип алыўы лазым. Себеби, тергеў ҳәрекетлерин өткериўге рухсат бериў барысында жынаят ислериниң аймақлық тийислилик мәселеси жынаят исин жүритиўге жуўапкер болған ҳуқық қорғаў уйымлары ҳәм лаўазымлы шахсларға ўәкиллик бериўши ең биринши тийкар болып есапланады.

Өзбекистан Республикасы Жынаят-процессуал кодексиниң 243-статьясына муўапық, қамаққа алыў тәризиндеги ықтыят шарасын қоллаў ҳаққындағы илтимаснама жынаят исленген ямаса дәслепки тергеў жүритилип атырған аймақ судының судьясы тәрепинен көрилип шығылады. Мәмлекетимиздиң жынаят-процессуал нызамшылығына жақын арада киритилген бул өзгерис тийкарында тергеў ҳәрекетин өткериўге рухсат бериў ҳаққындағы илтимаснаманы жынаят исиниң тийислилигине қарай, яғный дәслепки тергеў жүритилип атырған жайдағы жынаят ислери бойынша район (қала) судының судьялары шешиўи теориялық ҳәм әмелий тәрептен өзин ақлаған ҳуқықый норма.

Жоқарыда көрсетип өтилген процессуал ҳүжжетлерди тергеўши судқа усыныс етеди. Соңынан болса, суд дәслепки тергеў даўамында процессуал ҳәрекетлерди өткериўдиң мақсетке муўапықлылығы ҳәм тийкарлылығын көрип шығады. Кейнинен, тийисли тәртипте рухсат бергеннен соң тергеўши тийисли процессуал ҳәрекетлерди өткериў арқалы ис ушын әҳмийетли болған дәлийллерди ҳәм зәрүр мағлыўматларды қолға киргизеди, ал, суд болса, тергеў ҳәрекетлериниң барысы ҳәм нәтийжеси менен танысып шығыў ўәкиллиги арқалы процессти бақлап турады. Бундай ҳуқықый норма жынаят процессинде дәслепки тергеўде суд бақлаўы деп аталады.

Жынаят-процессуал нызамшылығы бойынша, суд дәслепки тергеў ўақтында төмендеги процессуал ҳәрекетлерди қоллаў ҳәм барысын бақлап барыў судтың ўәкиллигине тийисли: - процессуал мәжбүрлеў шарасы болған услап турыўдың 72 саатлық мүддети өткеннен соң тергеўшиниң илтимаснамасына муўапық 48 саатқа шекем созыў; - қамаққа алыў тәризиндеги ықтыят шарасын тергеўшиниң прокурор разы болған илтимаснамасына муўапық көрип шығыў ҳәм қолланыў; - жетерли тийкарлар бар болған жағдайларда айыпланыўшыны, судланыўшыны лаўазымынан шетлеттириў; - шахсты медициналық мекемеге жайластырыў; - амнистия актин қоллаў ушын тийкарлар бар болған жағдайда, гүман қылыныўшының, айыпланыўшышың арзасы ҳәмде амнистия актине муўапық жынаят исин қозғатыўдан бас тартыў ҳаққында ямаса жынаят исин тамамлаў ҳаққындағы илтимаснамасын көрип шығады.

Әлбетте, судтың жынаят исин жүритиў ўақтындағы ўәкилликлери жоқарыдағылар менен шекленип қоймайды, судтың ўәкилликлери жүдә кең. Бирақ бундай ўәкилликлер сорастырыўшы, тергеўши ҳәм прокурор менен бир қатарда судқа да берилген ҳәм суд оларды жынаят исин суд додалаўы ўақтында әмелге асырады. Жоқарыда болса дәслепки тергеў ўақтында тек ғана судтың ўәкиллигине тийисли болған процессуал ҳәрекетлер көрсетип өтилген. Судья, өз ўәкилликлерин әмелге асырыў арқалы дәслепки тергеўде суд бақлаўын алып барады.

Демек, дәслепки тергеў дәўиринде суд бақлаўы пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинлерин шеклеўши тергеў ҳәрекетлериниң нызамлылығы ҳәм тийкарлылығын тәмийинлеў менен бир қатарда процессуал ҳәрекетлердиң сыпатлы орынланыўына хызмет етеди.

## 1.3. Суд-ҳуқық реформаларын және де тереңлестириўде әмелге асырылыўы тийис мәселелер

Мәмлекетимиз өзиниң шын мәнисиндеги ғәрезсизлигине ерискеннен соң, Парламентимиз – Олий Мажлис тәрепинен көплеп нызамлар қабыл етилип, бул нызамлар пуқаралық жәмийетимиздиң сиясий, социал-экономикалық, мәдений тараўларын ҳуқықый жақтан толық турде тәмийинлеўге қаратылған. Мәмлекетимиз өз

ғәрезсизлигине ерискеннен соң раўажланыўдың басқышпа-басқыш, ҳәр қыйлы экономикалық секириўлерден жат болған эволюцион раўажланыў жолын таңлады. Бул экономикалық ҳәм ҳуқықый раўажланыў жолының туўры екенлигин Өзбекстан Республикасының ҳәзирги ўақыттағы қолға киргизген жеңислери сөзсиз дәлийллеп бармақта. Соны да айрықша атап өтиўимиз тийис, Өзбекстан Республикасы Президенти Ислам Каримовтың Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы ҳәм Сенатының қоспа мәжилисиндеги «Мәмлекетимизде демократиялық реформаларды және де тереңлестириў ҳәм пуқаралық жәмийетти раўажландырыў концепциясы» атамасындағы баянаты ҳәм оннан келип шығатуғын ўазыйпалар басқышпа-басқыш раўажланыўдың даўамы болып, мәмлекетимиздиң ҳуқықый тараўының жетилисиўинде үлкен бир қәдем болды. Мәмлекетимиз басшысы өз баянатында ҳәзирги заман ҳуқық тизиминдеги бирқатар айрықша мәселелер бойынша өзиниң мазмунлы пикирлерин билдирип өтти. Журтбасымыз елимизде әмелге асырылып атырған суд-ҳуқық реформалары бир жерде турып қалмаўы тийис ҳәм қолға киргизилген жеңислер менен кепилленип қалмастан, суд-ҳуқық реформаларын және де тереңлестириў лазым екенлигине итибар қаратты.

Ҳақыйқатында да, мәмлекетимизде демократиялық жаңаланыўдың ҳәм жетилисиўдиң бүгинги басқышындағы ең әҳмийетли бағдарларынан бири, бул – нызам үстинлиги ҳәм нызамшылықты беккемлеў, инсан ҳуқықы ҳәм мәплерин исенимли қорғаўға қаратылған суд-ҳуқық системасын избе-из реформалаў, демократияластырыў ҳәм либералластырыўдан ибарат. Журтбасымыз әдил рәўиште белгилегениндей, дәслеп, суд ҳәкимиятын басқышпа-басқыш беккемлеп барыў, судтың еркинлигин тәмийнлеў, оны бурынғы системада болғаны сыяқлы репрессия қуралы ҳәм жазалаў уйымы сыпатындағы орган емес, бәлким, инсан ҳәм пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинликлерин исенимли қорғаўға хызмет ететуғын шын мәнисиндеги ғәрезсиз мәмлекет институтына айландырыўға қаратылған кең көлемли шөлкемлестириў-ҳуқықый ис-илажлар әмелге асырылды.

Мәмлекетимиз Президенти өз баянатында буннан он жыл илгери қабыл етилген әмелдеги «Норматив-ҳуқықый ҳүжжетлер

ҳаққында»ғы Нызамның жаңа редакциясын қабыл етиўди бүгинги турмыстың өзи талап етип атырғанлығын көрсетип өтти. Ҳақыйқатында да, суд-ҳуқық реформалары басқышпа-басқыш әмелге асырылып атырған ҳәзирги ҳуқықый-демократиялық раўажланыў дәўиринде нызам дөретиўшилик техникасы ҳәм технологиясы жедел пәт пенен раўажланып бармақта. Бул болса, өз гезегинде норматив-ҳуқықый ҳүжжетлердиң ҳазирги заман талабына сай қабыл етилиўин ҳәм сыпат жағынан оптимал болыўын талап етеди. Журтбасымыздың баянатында келтирилген бул усыныс норматив-ҳуқықый ҳүжжетлердиң мазмун ҳәм сыпат жағынан буннан да былай жетилисиўине алып келиўи сөзсиз.

Баянатда келтирип өтилген гезектеги мәселе, Өзбекстан Республикасы Жынаят-процессуал кодексиниң 29 ҳәм 31-бапларына өзгерислер киритиў, яғный судқа шекемги ис жүргизиў басқышында лаўазымынан шетлеттириў ҳам шахсты медициналық мекемеге жайластырыў тәризиндеги процессуал мәжбүрлеў шараларын тек судьяның санкциясы тийкарында қолланыў бойынша усыныс келтириледи. Хақыйқатында да, «әдиллик тәрезиси» есапланған суд системасының ўәкилликлерин кеңейттириўге ҳәм халықаралық ҳуқықтың тийкарғы қағыйдаларынн бири болған «Хабеас корпус» институтын миллий нызамшылығымызға енгизиўде гезектеги қәдемлердиң бири болған бул шөлкемлестириўшилик-ҳуқықый илажлар пуқаралық жәмийет ҳәм ҳуқықый-демократиялық мәмлекет қурыў жолында үлкен табыслардың бири болып табылады.

Журтбасымыздың Өзбекстан Республикасы Олий Мәжилиси Сенаты ҳәм Нызамшылық палатасының қоспа мәжилисинде депутатлардың итибарын қаратқан тағы бир мәселе, бул Өзбекстан Республикасы Жынаят-процессуал кодексиниң 439-статьясына өзгерис киритиў, яғный биринши инстанция судында ис бойынша айыплаў жуўмағын оқып еситтириў мәжбуриятын тек прокурор ўазыйпасына жүклеў ҳаққындағы усынысы болып табылады. Белгили болғанындай, ҳәзирги дәўирде көпшилик жағдайларда жынаят иси бойынша айыплаў жуўмақты оқып еситириў мажбүриятын судья әмелге асырмақта. Бул болса, өз гезегинде судтың қалыслығына ҳәм бийғәрезлилигине кери тәсирин тийгизиўи мүмкин. Журтбасымыз тәрепинен келтирип өтилген жоқарыдағы усыныс судтың жынаят процессинде тартысыўшылық принципиниң буннан да былай

нәтийжели әмелге асыўына ҳәм судтың қалыслығын тәмийнлеўге хызмет қылады.

Өзбекстан Республикасының әмелдеги Жынаят-процессуал кодексиниң 321-статьясында судья, егер, жынаят исленгенлиги ҳаққындағы себеб ҳәм жетерли тийкарлар бар болған барлық жағдайларда жынаят исин қозғатыўы шәрт, деп көрсетилген. Өз гезегинде, бул ҳуқықый норма «әдиллик тәрезиси» есапланған суд ҳәкимиятын айыплаўшы тәрепке, яғный жынаят исин қозғатыў арқалы айыплаў мәплерин жақлаўына алып келиўи мүмкин. Мәмлекетимиз Президентиниң Жынаят-процессуал кодексиниң 321-статьясынан судтың жынаят исин қозғатыўға тийисли ўәкиллигин шығарыўдың мақсетке муўапықлылығы ҳаққындағы усынысы, жоқарыда көрсетип өткенимиздей, судтың қалыслығын ҳәм бийғәрезлигин тәмийинлеўге сөзсиз хызмет қылады.

Елимиз басшысының Өзбекстан Республикасы Олий Мәжилиси Сенаты ҳәм Нызамшылық палатасының қоспа мәжилисинде шығып сөзлеген ҳәм суд-ҳуқық реформаларын және де тереңлестириўге қаратылған баянатындағы баҳалы усыныслардың бири, бул Өзбекстан Республикасы «Оператив-қыдырыў хызмети ҳаққында»ғы Нызамын қабыл етиў болып есапланады. Оператив-қыдырыў хызмети жынаятшылыққа қарсы гүресте тийкарғы ҳуқықый ҳәрекетлерден бири болып, қәнигелик жағынан бул ҳәрекетлерди тәртипке салыўшы арнаўлы нызамның қабыл етилиўи мәмлекетимизде жынаят-қыдырыў хызметиниң сапа жағынан жетилисиўине ҳәм ҳәр бир жынаяттың тез ҳәм сапалы ашылыўына алып келеди. Усы мәселе бойынша журтбасымыздың келтирип өткениндей, бул нызам жынаятлар әмелге асырылыўының дәслепки басқышларынан-ақ олардың алдын-алыў ҳәм өз ўақтында тоқтатыў бойынша илажлардың нәтийжелилигин, сондай-ақ сорастырыў ҳәм дәслепки тергеўдиң сапасын арттырыўға хызмет етеди. Әйне пайытда ҳуқық қорғаўшы уйымлардың, ең дәслеп ишки ислер мәкемелериниң бул саладағы хызметиниң және де либераллАстырылыўын тәмийнлеўге алып келеди, деб белгилеп өтеди журтбасымыз.

Сондай-ақ Елбасшымыз Мәмлекетимизде демократиялық реформаларды және де тереңлестириў ҳәм пуқаралық жәмийетти раўажландырыў Концепциясында ҳәзирги дәўирде раўажланып баратырған деомкратияластырыў процессин инабатқа алған ҳалда,

Өзбекстан Республикасының Ҳәкимшилик жуўапкершилик ҳаққындағы кодексин қайта ислеп, жаңа редакцияда қабыл етиў зәрүрлигине айрықша итибар қаратты. Шынындада, 1994-жылы қабыл етилген ҳәм ҳәзирде әмелде болған Өзбекстан Республикасының Ҳәкимшилик жуўапкершилик ҳаққындағы кодексине суд-ҳуқық системасының либерализациялаўына байланыслы бирнеше өзгерис ҳәм қосымшалар киритилди. Бул Кодекстиң ҳәзирги заман ҳуқық системасының талапларына сай рәўиште жаңа редакцияда қабыл етилиўи тараўдың ҳуқықый жақтан буннан да былай жетилисиўине хызмет етеди. Журтбасымыздың айрықша атап өткениндей, Ҳәкимшилик жуўапкершилик ҳаққындағы кодексиниң жаңа редакциясы суд-ҳуқық системасын либераллластырыў мүнәсибети менен ҳәкимшилик нызамшылық ҳәм жынайый-ҳуқықый сиясатта жүз берген үлкен көлемдеги принципиал өзгерислерди өзинде системалы ҳәм кең көлемли тәризде сәўлелендириўи тийис.

Өзбекстан Республикасының Ҳәкимшилик жуўапкершилик ҳаққындағы кодексиниң жаңа редакцияда қабыл етилиўине байланыслы Журтбасымыз тәрепинен усыныс етилген ис илажлар тараўдың буннан да былай либералласыўына ҳәм демократияласыўына унамлы тәсир етеди.

Мәмлекетимиз басшысы өз баянатында раўажланған демократиялық мәмлекетлер тәжирийбесин инабатқа алған ҳалда, мәмлекет ҳакимияты мәкемелери, ҳуқықты қорғаўшы системалар, соның ишинде прокуратура хызметинде нызамшылық талапларына бойсыныў ҳәм үстинлигин тәмийинлеў бойынша әдиллик уйымларының ролин және де күшейттириўге қаратылған жаңа ҳуқықый механизмлерди орнататуғын ҳүжжетлерди ислеп шығыў ҳәм қабыл етиўге бағдарланған көз-карасларын билдирип өтти. Мәмлекетте нызамшылықты ҳәм нызам үстинлигин беккемлеў тараўында әдиллик уйымларына зәрур болған ҳуқықый ўәкилликлердиң берилиўи, сондай-ақ әдиллик уйымларының ҳуқық дөретиўшилик саласы ҳәм ҳуқықты қорғаў тараўындағы ролиниң асырылыўы пуқаралық жәмийет ҳәм ҳуқықый-демократиялық мәмлекет концепциялары талапларың бири есапланып, мәмлекетимизде әмелге асырылып атырған суд-ҳуқық реформаларында айрықша бир қәдем болып табылады.

Мәмлекетимизде демократиялық реформаларды және де тереңлестириў ҳәм пуқаралық жәмийетти раўажландырыў Концепциясында елимиз басшысы мәмлекетимизде ҳуқықый тәлим ҳәм билимлендириў, жәмийетте ҳуқықый билимлер үгит-нәсиятын түпкиликли жақсылаўға бағдарланған мақсетли кең көлемли ис-илажлар бағдарламасын ислеп шығыў зәрүрлигине итибар қаратты. Ҳақыйқатында да, жәмийеттиң ҳуқықый санасы ҳәм мәмлекетте ҳуқықый тәлимди жетилистириў илажларының түпкиликли рәўиште жақсылыўға бағдарланған илажлар халықтың ҳуқықый саўатын буннан да былай жетилистириўине ҳәм ҳуқықый мәденияттың раўажланыўына хызмет етеди. Соның менен бир қатарда, бул ис-илажлар елимизде әмелге асырылып атырған суд-ҳуқық реформаларының қаншелли дәрежеде әҳмийетли екенлигин де көрсетип береди.

Ҳуқықый-демократиялық мәмлекетимиздиң нызам шығарыўшы ҳәкимияты тәрепинен қабыл етилип атырған ҳәр қандай нызам ямаса ҳуқықый хүжжетлердиң баслы ўазыйпалары пуқараларға ҳуқықый шараят жаратыў ҳәм белгили бир саланы ҳуқықый тәртипке салыўдан ибарат. Нызам талапларының өз ўақтында әмелге асырылыўы жәмийетимиздиң иркинишсиз алға илгерилиўине хызмет етеди. Бул болса пуқараларымыздың ҳуқықый саўатлылығына ҳәм ҳуқықый мәдениятының қаншелли дәрежеде жоқары екенлигине байланыслы. Ҳәр бир адамның өз ҳуқық ҳәм миннетлемелерин тереӊ түсиниўи, булар тийкарында мәмлекетимиздиң сиясий ҳәм ҳуқықый тараўларына қатнасыўы демократиялық жәмийеттиң әҳмийетли көринислеринен бири болып есапланады.

Елимиз басшысының «Мәмлекетимизде демократиялық реформаларды және де тереңлестириў ҳәм пуқаралық жәмийетти раўажландырыў Концепциясы»нан орын алған ҳәм мәмлекетимиздиң ертеңги күни ушын уллы әҳмийетке ийе болған ис-илажлар, биз, ҳуқықтаныўшыларға, үлкен исеним ҳәм миннетлеме жүклейди деп билемиз ҳәм елимиздиң келешеги ушын ҳәр биримиз жуўапкер екенимизди билдиреди.

# II-БАП. ДӘСЛЕПКИ ТЕРГЕЎ ТАРАЎЫНДА ӘМЕЛГЕ АСЫРЫЛЫП АТЫРҒАН ҲУҚЫҚЫЙ РЕФОРМАЛАР

## 2.1. Дәслепки тергеўде суд ҳәм прокурор бақлаўының ҳуқықый әҳмийети

Суд бақлаўы жынаят процессиндеги орайлық процессуал мәселелердиң бири болып қалмастан, бәлким, дәслепки тергеўдиң сыпатлы, анық ҳәм тез әмелге асырылыўын тәмийинлейди. Дәслепки тергеўди алып барып атырған тергеўши тергеў ҳәрекетлерин өткериў ушын судтан рухсат алады ҳәм бул тергеў ҳәрекети суд бақлаўында болады. Бул болса, өз гезегинде, тергеў ҳәрекетлериниң тосқынлықсыз әмелге асырылыўын кепиллестирип, тергеўшиниң қандайда бир дәрежеде «суд қорғаўында» болыўын тәмийинлейди ҳәм дәслепки тергеў жумысына ҳеш бир шахстың араласыўын жол қоймайды.

Әдил судқа толық мүрәжат қылыўға байланыслы мәселелер ҳәрдайым мәмлекетлер ҳәм халықаралық шөлкемлердиң дыққат орайында болып келген. Егер судқа мүрәжат қылыў имкәнияты болмаса, онда, әсиресе, демократия идеялары көрсетилген ҳуқықый нормалардың кәжети болмайды. Бугунги кунде судқа толық мүрәжат қылыў принципиниң төмендеги қағыйдалары, яғный: суд ислери, аймақ, халықтың саны ҳәм усы сыяқлыларға жетерли болған судлар ҳәм судьялар санының тәмийинлениўи; қәнийгели юристлер көрсететуғын ҳуқықый жәрдемниң жетерли болыўы; бийпул әдил судлаў исиниң тәмийинлеўи (пуқаралық ислери бойынша мәмлекет бажылары муғдарының кемейттирилиўи ҳәм белгили қатламдағы шахслардың оны төлеўден толық азат етилиўи); судта ис көриўге байланыслы қағыйдалардың әпиўайыластырылыўы әҳмийетли мәселе саналады. Әлбетте, жоқарыда көрсетип өтилген нормалар мәмлекетимизде жеткиликли дәрежеде тәмийинленген.

Өзбекистан Республикасының Конституциясының 44-статьясында «Ҳәр бир шахсқа өз ҳуқық ҳәм еркинликлерин суд арқалы қорғаў, мәмлекет органлары, лаўазымлы шахслар, жәмәәт бирлеспелериниң нызамсыз ис-ҳәрекетлери устинен судқа шағым

етиў ҳуқықы кепилленеди» деп көрсетилген. Бул қағыйда бирқатар нызам ҳужжетлери, соның ишинде Өзбекистан Республикасының 1995-жыл 30-августта қабыл етилген «Пуқаралардың ҳуқықлары ҳәм еркинликлерин бузатуғын ис-ҳәрекетлер ҳәм қарарлар устинен судқа шағым етиў ҳаққында»ғы Нызамында анықластырылған.

Дәслепки тергеўде суд бақлаўы ҳәзирги дәўирде нызамда белгиленген тәртипте әмелге асырылмақта ҳәм, көпшилик жағдайларда, процессуал мәжбүрлеў шараларының қолланылыўы дәўиринде әмелге асырылады. Лекин, айырым процессуалист алымлар суд бақлаўының жәнеде жетилистирилиўи лазымлығына итибар қаратып, бул мәселе тийкарында үйренилиўи лазым болған қатар ҳуқықый нормалардың бар екенлигин көрсетип өтеди. Усы тийкарда, процессуалист алымлар З.Ф.Иноғомжонова ҳәм С.Н.Мамадиевлар: «Суд-тергеў әмелиятын талқылаў жынаят-процессуал нызамында судқа шекемги басқышларында шикәят қылыў бойынша бирқатар машқалалардың бар екенлигин көрсетеди. Пикиримизше, бул машқалалар өзегинде тийкарынан жынаят процессиниң судқа шекемги басқышында жынаят исин жүритиўши лаўазымлы шахслардың қарарлары ҳәм ҳәрекетлери үстинен судқа шикәят қылыў институты теориялық жақтан толық ҳәм бир тәртипте ислеп шығылмағанлығы жатады.

Судқа сорастырыўшы, тергеўши ҳәм прокурордың ҳәрекетлери (ҳәрекетсизлиги) ҳәм қарарлары үстинен берилген шикәятларды көрип шығыў ҳәм шешиў менен байланыслы болған процессуал ўәкилликлердиң берилиўи, судқа шикәят қылыў тийкарлары ҳәм предметлериниң кеңейиўи, жынаят-процессуал нызамшылықтың судда ислерди жүритиўде тартысыў принципин судқа шекемги ис жүритиў дәўиринеде қолланыўы тәрепине қарай раўажланыўы жынаят процессиниң судқа шекемги басқышларында судтың ис-хызметине улыўма басқаша көз-қарас пенен қараўды талап қылады.

Өзбекистан Республикасы Жынаят-процессуал нызамшылығының сорастырыўшы, тергеўши ҳәм прокурордың ҳәрекетлери (ҳәрекетсизлиги) ҳәм қарарлары үстинен судқа шикәят етиў тәртибин белгилеўши қағыйдалардың әмелге асырылыўы ҳәм бул институттың раўажланыў тенденцияларын анықлаў, оның жынаят процессиндеги орны ҳәм роли ҳаққындағы теориялық

қағыйдаларды қайта талқылаў, раўажланыў барысын анықлаў мақсетинде пухта илимий изертлеўди талап етеди» деп пикир билдиреди[15].

Солай етип, дәслепки тергеў дәўиринде суд бақлаўын жетилистириў ҳаққындағы мәселе жынаят-процессуал ҳуқықы теориясында айрықша әҳмийетке ийе болған мәселе болыўы менен бирқатарда, ҳәзирги заман ҳуқықый системасының тийкарғы талапларынан бири болып есапланады. Сонлықтан, процессуалист-алымлар З.Ф.Иноғомжонова ҳәм С.Н.Мамадиевлар нызамлылықты беккемлеў, пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинликлерин, олардың нызамлы мәплерин тәмийинлеў, сондай-ақ Тийкарғы Нызамның 44-статьясында белгиленген «ҳәр бир шахсқа өз ҳуқық ҳәм еркинликлерин суд арқалы қорғаў, мәмлекетлик органлар, лаўазымлы шахслар, жәмийетлик бирлеспелердиң нызамсыз ҳәрекетлери үстинен судқа шикәят қылыў ҳуқықының кепиллениўи» ҳаққындағы норманың орынланыўын тәмийинлеў мақсетинде Өзбекистан Республикасы Жынаят-процессуал кодексиниң 358-статьясына суд ўәкиллигин жетилистириў менен байланыслы болған нормалардың киритилиўин усыныс етеди[16].

Яғный, Жынаят-процессуал кодексиниң 358-статьясының биринши бөлимин тергеўшиниң ҳәрекетлери ҳәм қарарлары үстинен шикәят тергеў бөлиминиң баслығы ҳәм жынаят исин тергеўде нызамлардың орынланыўы үстинен бақлаў алып барыўшы прокурорға ямаса судқа; бул статьяның екинши бөлиминде прокурордың ҳәрекетлери ҳәм қарарлары үстинен шикәят жоқары турыўшы прокурорға ямаса судқа берилиўи мүмкин деген усынысларды билдирип өтеди. Әлбетте, бундай усыныслар жынаят-процессуал нызамшылықтың жәнеде жетилисиўине ҳәм заманагөйлесиўине хызмет қылыўы сөзсиз.

Суд ҳәкимияты өз ўәкилликлерин исти додалаў жолы арқалы әмелге асырады. Нызамда белгиленген тәртип тийкарында әмелге асырылатуғын бул ис жүритиў түри жынаят судлаў ислерин жүритиўдеги ўазыйпаларды орынлаўда жәрдем береди. Булардан

[15] Иноғомжонова З.Ф., Мамадиев С.Н. Шикоят жиноят процессига суд назоратининг кирип келишининг воситаси сифатида // «Ўзбекистон Республикаси Конституцияси жиноят-процессуал қонунининг ҳуқуқий асоси сифатида» мавзусидаги илмий-амалий конференцияси материаллари. – Тошкент, ТДЮИ, 2009. – Б.5.
[16] Сол жерде: Иноғомжонова З.Ф., Мамадиев С.Н.

болса, өз гезегинде, шахс, жәмийет ҳәм мәмлекет бирдей мәпдар есапланады. Дәслепки тергеў дәўиринде болса, суд мәжилисин өткериў тәртиби жынаят-процессуал нызамшылық бойынша анық белгиленген. Булар қамаққа алыўға санкция бериў, лаўазымынан шетлеттириў, шахсты медициналық мекемеге жайластырыў ҳ.т.б.лардан ибарат. Демек, суд бақлаўы жынаят процессинде шахс мәплерин қорғаўдың тийкарғы кепилликлеринен бири.

Дәслепки тергеўди бақлап барыў прокуратура органларына жүклетилген. Прокурор тергеўшилерден ҳәм сорастырыў органларынан жынаят ислерин ҳәм материалларын тексериў ушын талап етип алады, сорастырыў ҳәм дәслепки тергеў барысын бақлайды. Прокурор бақлаўды әмелге асырыў, тексериў ямаса үйренип шығыў ушын жынаят исин талап етип алыўы; тергеўшини, тергеў бөлими баслығын ямаса сорастырыў органы баслығын жүргизилген тергеў, оны шөлкемлестириў  туўралы ҳәрекетлерин талқылаўы; жынаят иси материалларын үйрене отырып, ол бәринен де бурын тергеўшиниң тергеў дүзилисин дурыс анықлағанлығын бақлаўы; тергеўшиге оған өзгерислер киргизиўди усыныс етиўи мүмкин. Зәрүр жағдайларда прокурор жазба көрсетпелер береди, тергеўде қатнасады ямаса оны толығы менен жүргизеди. Тергеўде прокурор қатнасыўы оның дәслепки басқышы менен шекленбейди. Прокурор қәлеген тергеў ҳәрекетин шөлкемлестириў ҳәм жүргизиўде қатнасыўы мүмкин. Әдетте бул қыйын жуўапкерли тергеў ҳәрекетлери: ўақыя орнын көзден кешириў, айыпланыўшыдан сораў алыў, эксперимент ҳ.т.б.лар болыўы мүмкин. Прокурордың жеке өзи көбинесе айыпланыўшыдан ықтыят шарасын белгилеў ҳаққында судқа усыныс етпестен бурын айыпланыўшыны сораў қылыўы мүмкин. Бул дәўирде прокурор тергеў жағдайы туўралы тергеўшини тыңлайды, өткерилген тергеў ҳәрекетлериниң нәтийжесин тексереди, топланған дәлиллерге баҳа береди. Әдетте, усы дәўирде ол жынаят иси бойынша көрсетпелер береди. Бул көрсетпелер көбинесе тергеў жобасын шөлкемлестириўдиң басқа да элементлерин өзгертиўи мумкин. Бул болса, өз гезегинде, прокурордың дәслепки тергеўди алып барыўдағы белсендилигинен дерек береди[17].

---

[17] Бул ҳаққында толығырақ қараң: Шпилев В.Н. Участники уголовного процесса. – Мн.: Издательство БГУ, 1970. – Б. 55-58;  Пўлатов Б.Х. Судларда жиноят ишлари кўрилишида

Улыўма алғанда, дәслепки тергеўде прокурорлық бақлаў тергеў мазмунынан объектив түрде келип шығады. Дәслепки тергеўдиң нызамлылығын тәмийинлеў бул процессуал ҳәрекетлердиң ең әҳмийетли, зәрүр ҳәм шәртли белгилериниң бири болып есапланады. Дәслепки тергеўге процессуал басшылық етиў сыяқлы прокурорлық бақлаў да белгили дәрежеде тергеўге басшылық етиўдиң өзине тән формасы болып табылады. Координация, есапқа алыў, режелестириў сыяқлы басқарыў элементлери прокурорлық бақлаўдың негизин қураўшы қурам бөлеклери болып есапланады. Прокурордың бақлаў функцияларын атқарыўы жынаят-процессуал нызамда көзде тутылған онның дәслепки тергеўдеги ўәкилликлери менен тәмийинленеди.

Прокурор дәслепки тергеўдиң нызамлылығы үстинен бақлаўды әмелге асырады. Бул оның дәслепки тергеў даўамында өткерилген ҳәрбир тергеў ҳәм процессуал ҳәрекетлер ҳаққында ҳүжжетлердиң мазмуныны ҳаққында толық мағлыўмат алыўын көзде тутады, себеби, ҳәрбир тергеў ҳәрекети өткерилгенлиги ҳаққындағы қарар нусхасы шәртли рәўиште тергеўди бақлаўшы прокурорға жиберилиўи тийис. Прокурор тергеўшиниң ҳәм сорастырыў органының ис бойынша ең әҳмийетли процессуал шешимлерин анық билиўи тийис, бул оған тергеўшиниң тергеўди ҳәр тәрпелеме, объектив ҳәм толық жүргизгенине баҳа бериўге, қабыл етилген шешимлердиң дурыс ҳәм нызамлылығы туўралы жуўмақ шығарыўға жәрдем береди. Мағлыўматлар прокурорға аўызша да (тергеўши, тергеў бөлими баслығы баянламалары), жазба да – гейпара процессуал ҳүжжетлердиң көширмеси түринде де (жынаят исин қозғатыў ҳаққында қарарлар, оны өндириске қабыл етиў, шахсты айыпланыўшы сыпатында иске тартыў ҳ.б. туўралы қарарлар) келип түседи. Бул ҳүжжетлер прокуратураның ҳәр бир жынаят иси бойынша айырықша өндирисинде топланады. Бундай өндиристиң болыўы еки мақсетти гөзлейди: а) прокурорға қәлеген ўақытта тергеўшиниң тийкарғы шешимлерин ҳәм ҳәрекетлерин тексериўге, тергеў барысын қадағалаў ҳәм баҳалаўға, сондай-ақ дәслепки тергеўди нәтийжели шөлкемлестириўге жәрдем

---

прокурорнинг процессуал фаолияти: ўқув қўлланмаси. – Т.: NISIM, 2004. – Б. 89-93; Пўлатов Б.Х. Прокурор назорати. – Т.: O'zbekiston, НМИУ,2009. – Б. 252-255.

береди; б) тергеўшини тәртипке салады, оның қабыл етилип атырған шешимлер ушын жуўапкершилигин күшейтеди[18].

Прокурорлық бақлаў дәслепки тергеўге процессуал басшылық етиўден ажыралмайды, себеби тергеўшиниң нызамды сақлаўын тексериў тергеў дүзилисиниң дурыс анықланғанлығын, тергеў ҳәм басқа да ҳәрекетлердиң жүргизилиўин тексериўди де өз ишине алады. Аўыр, оғада аўыр жынаятлар исленген жағдайда прокурор Өзбекистан Республикасы Бас прокурорының ҳәрекеттеги көрсетпелерине муўапық ўақыя орнына жеке өзи жетип келиўи ҳәм көзден өткериўди шөлкемлестириўи, тергеўдиң дурыс бағдарын таңлап алыўға жәрдем бериўи лазым. Оның дәслепки тергеў ҳәрекетлеринде қатнасыўы оларды шөлкемлестириўди ҳәм өткериўди аңсатластырады.[19]

Айтып өтиўимиз тийис, прокурордың дәслепки тергеўдиң басланыўынан ақырына шекем ямаса оның бир бөлегин жеке өзи жүргизиўи айырықша жағдай. Бул тергеўди прокурор сапасыз деп тапқан жағдайда жүз береди. Тергеў дүзилисин прокурордың өзгертиўи ис бойынша көрсетпелер бериў жолы менен шекленбейди. Тергеўшиниң нызамсыз ҳәм тийкарсыз қарарларын анықлаған прокурор оларды бийкарлайды. Бийкарлаў туўралы қарарда көбинесе буннан кейинги тергеў ҳәрекетлери туўралы көрсетпелер болады[20].

Атап өтилген ҳәм басқа да прокурор көрсетпелери тергеўди муўапықластырыў ушын үлкен әҳмийетке ийе. Оның профессионал дәрежеси, әдетте, жоқары. Бул прокурорға истиң көзин билип шөлкемлестириў мәселелерин үйрениўге ҳәм оларды шешиўде белсенди қатнасыўға жәрдем береди.

Прокурор тергеў-оператив топарын дүзиў мәселесин шешеди. Бул оның тергеўдеги барлық ҳәрекетлерди муўапықластырыў ўәкиллигинен келип шығады.

Дәслепки тергеў ҳәр тәреплеме объектив ҳәм толық болыўы ушын прокурор бақлаўы менен тәмийинлениўи тийис. Прокурор бақлаўы тергеў яки басқа процессуал ҳәрекеттиң мазмунын, тактикалық операцияны яки улыўма жынаят исин, оның

---

[18] Шпилев В.Н. Участники уголовного процесса. – Мн.: Издательство БГУ, 1970. – Б. 54-57.

[19] Давлетов А. Прокурорский надзор. – Нукус, Билим, 1999. – Б. 30-36.

[20] Пособие для следователя: расследование преступлений повышенной общественной опасности. – М.: Издательство «Лига-разум», 1999. – Б. 21-29.

нызамлылығын ҳәм тийкарланғанлығын үйрениўди өз ишине алады. Тергеў ҳәрекетиниң нызамлылығын анықлаў оның мазмунын изертлеўден ҳәм баҳалаўдан ажыралмайды. Солай етип, тергеў сапасы ҳәр қашан да прокурор бақлаўына байланыслы болады. Бул – нызамлылық ҳәм объектив шынлық. Оны бузыў – демек, өз-ара байланысқан еки элементке де зыян келтириў болып есапланады: дәслепки тергеўге де, прокурор бақлаўына да. Бул байланыс толығы менен дәслепки тергеўди шөлкемлестириўде пайдаланылыўы лазым.

## 2.2. Дәслепки тергеўде суд ҳәм прокурор бақлаўының тергеўшиниң процессуал ғәрезсизлигине тәсири

Өзбекистан Республикасы Жынаят процессуал кодексиниң 36-статьясына муўапық, дәслепки тергеў даўамында тергеўши өз өндирисиндеги ис бойынша тергеў бағдарын ҳәм тергеў ҳәрекетлери бойынша барлық қарар ҳәм шешимлерди ғәрезсиз рәўиште қабыллайды. Бирақ, тергеўши прокурордың разылығы талап етилетуғын тергеў ҳәрекетлерин әмелге асырыўда оның рухсатын алыўы шәрт. Кешиктирип болмайтуғын тергеў ҳәрекетлерин өткериўде тергеўши 24 саат ишинде прокурорға хабар бериўи лазым[21]. Бул, әлбетте, ҳуқықый тийкарға ийе болған қағыйда.

Улыўма алғанда, әдеп-икрамлылық принциплерин белгили бир шахс жаратпаған, ол белгили социаллық қатнасықларға муўапық, материаллық ҳәм руўхый турмыс процессинде социаллық турмыстың, әдеп-икрамлылық қатнасықларының талапларын бир қанша улыўмаласқан ҳалда сәўлелендиретуғын жақсы минез-қулқы сыпатында пайда болған нызам қағыйдалары есапланады. Усыған муўапық, улыўма инсанның әдеп-икрамлылық принциплери деп жәмийеттиң руўхый санасында ислеп шығылған, инсанның руўхый мазмунына, миннетине, өмирдиң мазмунына ҳәм өз-ара қатнасықлардың тәбиятына байланыслы болған улыўма талапларды сәўлелендиретуғын, көрсетип беретуғын ҳәм белгили минез-қулық

[21] Ўзбекистон Республикаси Жиноят-процессуал кодексига шарҳлар. Масъул муҳаррир: проф. Ғ.Абдумажидов. – Т.: ТДЮИ, 2009. – Б. 70.

нормаларына тийкар болып хызмет ететуғын нызам-қағыйдаларға айтылады[2].

Тергеўшиниң процессуал ғәрезсизлиги, сондай-ақ тергеўши ҳәм бақлаўды әмелге асырыўшы прокурордың өз-ара қатнасларының этикалық өзгешеликлерин көрип шығыў дәўиринде «этика» категорияларына айрықша итибар қаратыўымыз лазым. Себеби, тергеўши бақлаўды әмелге асырыўшы прокурор менен өз-ара қатнасықта этика категрияларын толық сақлаўы тийис. Этика категорияларының улыўма сыпатламасы төмендеги қәсийетлерге ийе болып табылады:

Биринщиден, этика категориялары тек ғана этикалық тараўда емес, бәлки басқа пән тараўларында да қолланылады. Ҳәр қандай теория, ойлап табыў ҳәм илимий қарастың тийкарында белгили қәдирият бар, яғный ол усы ис не мақсетте қылынған, ол жақсы ма яки жаман нәрсе ме, деген саўалдан тысқары болалмайды. Солай етип әмелиятта әдеп-икрамлылық ислеринен тысқарыда болған нәрсениң өзи жоқ.

Екинщиден, этика категориялары (мысалы: Ўатанды сүйиўшилик, әдалат, тәртиплилик, мәдениятлылық, өз ўазыйпаларына жуўапкершилик ҳ.т.б.) бир ўақыттың өзинде басқа пәнлер, яғный сиясий, экономикалық ҳәм ҳуқықый пәнлердиң де категориялары есапланады. Бул әдеп-икрамлылық категориялары араласпа белгилерге ийе екенлигин көрсетеди. Араласпа бир тәрептен, әдеп-икрамлылық тәрбия ушын басқа пән тараўларын өзинде бирлестирген ҳалда ис көриўин көрсетсе, екинши тәрептен, басқа пән категорияларына әдеп-икрамлылық мазмун бағышлаўын, олардың әдеп-икрамлылықтан тысқарыда емеслигин де көрсетип береди.

Үшинщиден, этика категориялары өзиниң кең мазмунлылығы менен ажыралып турады. Бул категориялар инсан өмириниң бәрше тараўларын, яғный туўылыўдан өмирдиң соңғы күнлерине дейинги болған мийнет, муҳаббат күнделикли минез-қулық, қатнасық – ҳәммесин өзинде улыўма тәризде сәўлелендириўи менен ажыралып турады.

Төртинщиден, этика категориялары адамлар ҳәрекетлери, минез-қулқын жәмийет талаплары көз-қарасынан мақуллаў яки

[2] Словарь по этике / Коллектив авторов. – М., 1989. – Б. 229-230.

қаралаў, яғный әдеп-икрамлылық тәрептен баҳалаў мүмкиншилигине ийе[1].

Соны да айрықша атап өтиўимиз тийис, жоқарыда көрсетип өтилген этика категорияларына тек ғана тергеўши емес, бәлким, прокурорда әмел қылыўы тийис. Себеби, бул жерде ҳәр бир жынаят исиниң нызам шеңберинде әдил, сыпатлы ҳәм тез шешилиўи менен байланыслы болған мәмлекет мәпи әмелге асырылыўы тийис.

Тергеўшиниң өз ўәкилликлерин ҳәм ис-ҳәрекетин әмелге асырыў тийкарындағы ҳәрекетлери, биринши нәўбетте, жәмийеттеги жүрис-турыс қағыйдаларына ҳәм ҳуқық қорғаў уйымларының этикалық талапларына жуўап бериўи лазым. Тергеўшиге оғада жуўапкерли ўазыйпаларды шешиў мәжбүрияты жүкленген. Ол жынаятты тез ҳәм толық ашыўы, айыпланыўшыны анықлаўы, судта исти көриў ушын зәрүрли шараятлар дүзиўи тийис. Жынаятларды ашыў ҳәм тергеў – тергеўшиден жоқары шеберликти талап ететуғын қурамалы процесс. Тек өз билими ҳәм өз исеними бойынша ҳәрекет ететуғын тергеўши ғана иске усындай қатнас жасаўы мүмкин. Тергеў ҳәм тергеўши жумысы пассивлик ҳәм рәсмийлик пенен сыйыспайды.

Дәслепки тергеў органларында бақлаўды әмелге асырыўшы прокурор кең ўәкилликлерге ийе. Дәслепки тергеў органлары тәрепинен нызамлардың орынланыўы үстинен бақлаўды әмелге асырыў арқалы, прокурор өз ўәкиллилликлери шеңберинде дәслепки тергеў органларында ислерди тексериў ушын, исленген жынаятларға тийисли оператив-қыдырыў, дәслепки тергеў жумысларының барысына тийисли ҳүжжетлерди, материалларды ҳәм басқа мағлыўматларды талап қылып алады ҳәм ис бойынша айыплаў жуўмақты тастыйықлап, жынаят исин судқа жибереди.

Прокурор жынаят ислерин тез, ҳәртәреплеме, қалыс тергеў қылыныўына басшылық етиўши ҳәм бул ҳәрекетлер үстинен бақлаўды алып барыўшы тийкарғы мәмлекетлик орган болып есапланады[22].

Дәслепки тергеў имкәны барынша тез ҳәм толық өткизилиўи лазым. Оны әмелге асырыўды бийпәрўалық, жуўапкерсизлик ҳәм

---

[1] Мухаммадинов М. Ички ишлар идоролари ходимларининг касб этикаси ва эстетик маданияти: ўқув қўлланмаси. – Т.: ИИВ Академияси, 1998. – Б. 91-92.

[22] Ўзбекистон Республикаси Жиноят-процессуал кодексига шарҳлар. Масъул муҳаррир: проф. Ғ.Абдумажидов. – Т.: ТДЮИ, 2009. – Б. 598-601.

өз мәжбүриятларына немқурайдылық пенен қаралмаслығы лазым. Себеби, жоқарыда көрсетип өткенимиздей, жынаятшылыққа қарсы гүресте дәслепки тергеўдиң әҳмийети оғада үлкен[23]. Бирақ, жынаятты ашыў ҳәм оны әмелге асырған шахсты анықлаў барысында ушырайтуғын айырым қәте-кемшиликлер жынаят иси бойынша барлық тергеў ҳәрекетлерин ақырына шекем жеткизип, нызамлы қарар қабыл етиўге имкәният бермеўи мүмкин. Бундай жағдайларда даслепки тергеўди тоқтатыўдың жынаят-процессуал нызамшылығында төрт жағдайы көрсетилген. Олардың ҳәр бири жынаят исин тоқтатыў ушын тийкар болып саналады.[24]

Өз гезегинде, жынаят иси бойынша дәслепки тергеўди тоқтатыў – тергеў процессинде тергеў жүргизилиўине тосқынлық қылатуғын ҳәм тергеў ҳәрекетлерин жүргизиўге имкән бермейтуғын жағдайлар пайда болыўы мүнәсибети менен әмелге асырылады. Жынаят иси бойынша тергеў ҳәрекетлерин жүргизиўди тоқтатыў дәслепки тергеў, судта қарап шығыўға таярлаў ҳәм судта көрип шығыў ўақтында да әмелге асырылыўы мүмкин. Тергеў ҳәрекетлерин жүргизиўди тоқтатыў түсиниги дәслепки тергеў даўамында әмелиятта көбирек қолланылады. Себеби тергеў ҳәрекетлерин жүргизиўге имкән бермейтуғын жағдайлар тап усы дәслепки тергеў процессинде көп ушырайды, бул жағдайды сапластырғаннан кейин ғана дәслепки тергеўди жүргизиў мүмкин болады.

Демек, прокурор дәслепки тергеў даўамында жүдә кең ўәкилликлерге ийе. Бирақ бул тергеўшини процессуал ғәрезсизлигинен айырмайды, керисинше, тергеўшиниң процессуал статусын беккемлейди. Прокурордың дәслепки тергеўде баклаўды әмелге асырыўы ҳәм онда қатнасыўы жынаят иси бойынша дәслепки тергеўди жүритиўде прокурордың ис тәжирийбесиниң жетискенликлеринен пайдаланылыўы мүмкин. Әлбетте, бул дәслепки тергеў ушын унамлы ҳалат.

Тергеўши ҳәм прокурор арасында өз-ара қатнасықлар тек ғана жынаят-процессуал нызамшылық талапларын қатаң сақлаўды талап етип қоймастан, соның менен бирге олардың ҳәр қайсысы бир қатар этикалық талапларды орынлаўын да талап етеди. Тергеў

---

[23] Пўлатов Б.Х. Прокурор назорати. – Т.: O'zbekiston, 2009. – Б. 178.

[24] Ў збекистон Республикасининг Жиноят-процессуал кодексига шарҳлар. Масъул муҳаррир: проф. Ғ.А.Абдумажидов. – Т.: ТДЮИ, 2009. – Б. 574.

үстинен прокурордың бақлаўы, прокурордың басшылығы ҳәм жәрдеми оның абыройын кемейтпейди ҳәм процессуал еркинликтен айырмайды, ал, керисинше, нызамшылықты тәмийинлеўге жәрдемлеседи, дәслепки тергеўди жақсылаўдың сөзсиз шәрти болып табылады. Соның ушын тергеўшиниң ҳәрекетлери прокурор тәрепинен берилген тийкарлы көрсетпелерди орынламаўшылыққа айланбаўы тийис. Себеби, прокурор тергеўшиге өзиниң ис тәжирийбесинен келип шыққан ҳалда процессуал көрсетпелер береди. Тергеўши прокурордың буйыртпаларын орынлайтуғын техникалық хызметкер емес, ал дәслепки тергеўдиң ғәрезсиз ҳәм толық ҳуқықлы субъекти екенлигин прокурор умытпаўы керек. Тергеўшиниң процессуал ғәрезсизлигин тәмийинлеў ҳаққында нызам талапларын қатан сақлаў дәслепки тергеўди дурыс жүргизиў шәртлериниң бири. Себеби, тергеўши, бул – процессуал ғәрезсиз субъект болып есапланады.

# ПАЙДАЛАНЫЛҒАН ӘДЕБИЯТЛАР.

## I. БАСШЫЛЫҚҚА АЛЫНҒАН ӘДЕБИЯТЛАР

1. Каримов И.А. Ватанимизнинг босқичма-босқич ва барқарор ривожланишини таъминлаш – бизнинг олий мақсадимиздир. – Т.: Ўзбекистон, 2009.

2. Каримов И.А. “Мамлакатимизда демократик ислоҳотларни янада чуқурлаштириш ва фуқаролик жамиятини ривожлантириш Концепцияси” / Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Қонунчилик палатаси ва Сенатининг 2010 йил 12 ноябрдаги қўшма мажлисидаги сўзлаган маърузаси // Халқ сўзи. 2010 йил 13 ноябр. №220(5135).

3. Каримов И.А. Ўзбекистон мустақиликка эришиш остонасида. – Т.: Ўзбекистон, 2011.

4. Каримов И.А. 2012 йил Ватанимиз тараққиётини янги босқичга кўтарадиган йил бўлади. – Т.: Ўзбекистон, 2012.

5. Каримов И.А. Инсон манфаати, ҳуқуқ ва эркинликларини таъминлаш, ҳаётимизнинг янада эркин ва обод бўлишига эришиш – бизнинг бош мақсадимиздир // Президент И.Каримовнинг Ўзбекистон Республикаси Конституциясининг 20 йиллигига бағишланган тантанали маросимдаги маърузаси. / Халқ сўзи, 2012 йил, 8 декабр.

6. Каримов И.А. Әмелге асырып атырған реформаларымызды және де тереңлестириў ҳәм пуқаралық жәмийетин қурыў-жарқын келешегимиздиң тийкарғы факторы // Президент Ислам Каримовтың Өзбекистан Республикасы Конституциясы қабыл етилгениниң 21 жыллығына бағышланған салтанатлы мәресимдеги баянаты / 2013-жыл 6 декабрь. – Т.: Ўзбекистон, 2013

7. Каримов И.А. Өзбекистан Республикасы Олий Мәжилиси Сенаты ҳәм Нызамшылық палатасының қоспа мәжилисиндеги баянаты // 2015-жыл 23-январь

## II. ҲУҚЫҚЫЙ-НОРМАТИВ ҲҮЖЖЕТЛЕР

1. Ўзбекистон Республикасининг Конституцияси. - Т.: Ўзбекистон, 2014.

2. Ўзбекистон Республикаси Жиноят-процессуал кодекси // Ўзбекистон Республикаси Адлия Вазирлиги. – Т.: Адолат, 2013.

3. Ўзбекистон Республикаси Жиноят кодекси // Ўзбекистон Республикаси Адлия Вазирлиги. – Т.: Адолат, 2013.

## III. АРНАЎЛЫ ӘДЕБИЯТЛАР

1. Абдумажидов Ғ.А. Ўзбекистонда суд ҳокимияти:ислоҳотлар даври. – Т.: Адолат, 2002.
2. Белезоров Ю.Н., Рябоконь В.В. Производство следственных действий: учебное пособие. – М.: Изд-во МГУ, 1990.
3. Белкин Р.Б. Тактика следственных действий. – М.: Новый юрист, 1997.
4. Еникеев М.И., Эминова В.Е. Психология преступника и ресследование преступления: учебное пособие. –М.: Изд-во БЕК, 1996.
5. Жиноят процесси: дарслик. Умумий қисм. / З.Ф.Иноғомжонованинг умумий таҳрири остида. – Т.: ТДЮИ, 2008.
6. Ўзбекистонда суд ҳокимияти: ислоҳотлар даври // Муаллифлар: А.А.Полвон-зада., Ғ.А.Абдумажидов ва б. – Т.: Адолат, 2002.
7. Мухаммадинов М. Ички ишлар идоролари ходимларининг касб этикаси ва эстетик маданияти: ўқув қўлланмаси. – Т.: ИИВ Академияси, 1998.
8. Пўлатов Б.Х. Прокурор назорати. – Т.: O'zbekiston, НМИУ, 2009.
9. Пўлатов Б.Х. Судларда жиноят ишлари кўрилишида прокурорнинг процессуал фаолияти: ўқув қўлланмаси. – Т.: NISIM, 2004.
10. Саломов Б. Жиноят ишларида адвокатнинг иштироки. – Т.: Адолат, 2007.
11. Салиев Ю. Раскрытие преступлений как уголовно-процессуальная функция: учебное пособие. – Т.: 1991.
12. Селезнев А.И. Следственные действия: процессуальная характеристика, тактические и психологические особенности. – М.: Юридическая лиетарутар, 1994.
13. Селиванов Н.Л. Руководство для следователя: учебное пособие. – М.: ИПК «Лига Разума», 1997.

14. Тулаганова Г.З. Жиноят процессида мажбурлов ва унинг ўзига хос хусусиятлари: монография. / ю.ф.д., проф. Ғ.Абдумажидовнинг таҳрири остида. – Т.: ТДЮИ, 2009.

15. Тухташева У. Жиноят процессида апелляция: ўқув қўлланма. / М.Ҳ.Рустамбоевнинг умумий таҳрири остида. – Т.: ТДЮИ, 2004.

16. Уголовный процесс: Общая часть. Учебное пособие. / Автор-сост.: к.ю.н. У.А.Тухташева. – Т.: ТГЮИ, 2007.

17. Ўзбекистон Республикасининг Жиноят-процессуал кодексига шарҳлар / Масъул муҳаррир: проф. Ғ.Абдумажидов. – Т.: ТДЮИ, 2009.

18. Ўзбекистон юридик энциклопедияси / Нашр учун масъул Р.А.Муҳитдинов ва бошқ.; масъул муҳаррир Н.А.Тойчиев. – Т.: Адолат, 2009.

19. Хидоятов Б.Б. Следственные действия, проводимые в уголовном процессе: учебное пособие. – Т.: Издательство ТГЮИ, 2006.

20. Шпилев В.Н. Участники уголовного процесса. – Мн.: Издательство БГУ, 1970. – Б. 51.